# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’

**1-statya.** Respublika puqaralari’ ma’mleketlik si’yli’qlar menen miynet ha’m jawi’ngerlik xi’zmetleri, jemisli ma’mleketlik, ja’miyetlik ha’m do’retiwshilik jumi’si’ ushi’n si’yli’qlani’wi’ mu’mkin.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’na xi’zmet ko’rsetken si’rt yel puqaralari’ ha’m puqarali’qqa iye yemes adamlarg’a beriliwi mu’mkin.

**2-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ boli’p hu’rmetli ataqlar, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ni’n’ Hu’rmet jarli’g’i’ yesaplanadi’.

**3-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen sho’lkemlestiriledi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ haqqi’nda Reje ha’m wolardi’n’ ta’riypi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.

**4-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ menen si’yli’qlaw Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Prezidiumi’ ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

**5-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ gu’wali’qlari’ni’n’ u’lgisi, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ma’mleketlik si’yli’qlari’n usi’ni’w ha’m wolardi’ tapsi’ri’w ta’rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ ta’repinen tasti’yi’qlanadi’.

**6-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’n beriw haqqi’ndag’i’ usi’ni’slar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Wa’zirler Ken’esi, Joqarg’i’ Sud basli’g’i’, Xojali’q Sudi’ basli’g’i’, Respublika Prokurori’, rayonlar ha’m qalalar ha’kimleri, wa’zirlikler, ma’mleketlik komitetler, basqa da ma’mleketlik basqari’w uyi’mlari’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ basshi’lari’ arqali’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’na beriledi. Si’rt yel puqaralari’n si’yli’qlaw haqqi’ndag’i’ usi’ni’s Wo’zbekstan Respublikasi’ si’rtqi’ isler wa’zirliginin’ Qaraqalpaqstandag’i’ bo’limi arqali’ beriledi.

**7-staya.** Bir adamg’a qanday da bir hu’rmetli ataq yamasa Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ni’n’ Hu’rmet jarli’g’i’, a’dette, tek bir ma’rte beriliwi mu’mkin.

**8-staya.** Puqaralardi’ gezektegi si’yli’qlawg’a usi’ni’w aldi’n’g’i’ si’yli’qlawdan son’ keminde u’sh ji’l waqi’t wo’tkennen keyin ju’rgiziledi. Ayri’qsha jag’daylarda puqaralar gezektegi si’yli’qlawg’a aldi’n’g’i’ si’yli’qlawdi’n’ waqti’nan biyg’a’rez usi’ni’li’wi’ mu’mkin.

**9-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ menen si’yli’qlaw haqqi’nda Qaraqalpaqsatn Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ni’n’ qararlari’ g’alaba xabar qurallari’nda ja’riyalanadi’.

**10-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ hu’rmetli ataqlari’ berilgen adamlarg’a belgilengen u’lgidegi wo’n’irge tag’atug’i’n belgi ha’m hu’rmetli ataq berilgeni haqqi’nda gu’wali’q tapsi’ri’ladi’.

**11-statya.** Wo’n’irge tag’atug’i’n belgini tag’i’p ju’riw ta’rtibi Joqarg’i’ Ken’es ta’repinen tasti’yi’qlanatug’i’n Reje menen belgilenedi.

**12-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ni’n’ Hu’rmet jarli’g’i’ menen puqaralar, sonday-aq ka’rxanalar, ma’kemeler, sho’lkemler, ja’miyetlik birlespeler, do’retiwshilik ja’ma’a’tleri ha’m a’skeriy bo’limsheler si’yli’qlanadi’.

**13-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ berilgen adamlar, wolardi’n’ saqlani’wi’n ta’miyinlewi tiyis.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ sonday-aq, wolarg’a tiyisli gu’wali’qlar joyti’lg’an jag’dayda, si’yli’qlang’anlar si’yli’qlarg’a bolg’an wo’zlerinin’ huqi’qlari’n saqlap qaladi’ ha’m wolarg’a belgilengen ta’rtipte dublikatlar beriledi.

**14-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’nan to’mendegi jag’daylarda ayi’ri’w mu’mkin.
-sudti’n’ ni’zamli’ ku’shine kirgen hu’kimi tiykari’nda,
-adam wo’zinin’ abi’rayi’n tu’siretug’i’n ha’reket islegende si’yli’qlaw haqqi’nda usi’ni’s kirgiziw huqi’qi’na iye uyi’mni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha.
Ma’mleketlik si’yli’qlardan ayi’ri’lg’an adamg’a tiyisli Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’g’i’ ha’m wog’an qosi’msha tiyisli gu’wali’g’i’ qaytari’li’wi’ za’ru’r.

**15-statya.** Ni’zamsi’z tu’rde sudlang’an ha’m sud hu’kimi menen aqlang’an puqaralardi’n’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’na bolg’an huqi’qlari’ sudti’n’ aqi’rg’i’ sheshimi tiykari’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ ta’repinen qayta tikleniwi mu’mkin.

**16-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ti’sqari’si’na ketip barati’rg’an Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ puqaralari’, si’rt yel puqaralari’ ha’m puqarali’qqa iye yemes adamlar wo’zlerine tiyisli bolg’an Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’n ha’m wolarg’a tiyisli gu’wali’qlardi’ ali’p ketiw huqi’qi’na iye boladi’.

**17-statya.** Hu’rmetli ataqti’n’ wo’n’irge tag’atug’i’n belgisin ni’zamsi’z tu’rde tag’i’p ju’riw, sati’p ali’w, stai’w, almasti’ri’w yamasa basqa da worni’n wo’tew menen beriw ni’zam aktlerinde belgilengen juwapkershilikke sebep boladi’.

**18-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’na si’rtqi’ ko’rinisi boyi’nsha uqsas wo’n’irge tag’atug’i’n belgilerdi sho’lkemlestiriw ha’m tayarlaw qadag’an yetiledi.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik si’yli’qlari’ haqqi’nda**
**Reje**

**I–bap. Tiykargi' rejeler**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' -Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' Hu'rmet jarli'g'i' boli'p tabi'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Konstituciyasi' 85-statyasi'ni'n' 6-ba'ntine muwapi'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'n beredi ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Hu'rmet jarli'g'i' menen si'yli'qlaydi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Hu'rmet jarli'g'i' menen Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' puqaralari' si'yli'qlanadi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ekonomikasi'n ha'm ma'deniyati'n rawajlandi'ri'wdag'i' ayri'qsha xi'zmetleri ushi'n basqa ma'mleketlerdin' puqaralari', puqarali'g'i' joq adamlarda si'yli'qlani'wi' mu'mkin.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' kelesi ma'mleketlik si'yli'g'i' menen si'yli'qlaw Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlang'annan keyin, a'dette keminde u'sh ji'ldan son' a'melge asi'ri'ladi'.

**II–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari' respublikami'zdi'n' ekonomikali'q ha'm socialli'q rawajlani'wi'na qosqan pida'kerlik xi'zmetleri ushi'n xali'q xojali'g'i'ni'n', wo'ndiris, ilim ha'm bilimlendiriw, densawli'qti' saqlaw, ma'deniyat ha'm tag'i' basqa da xi'zmet ko'rsetiw tarawlari'ni'n' xi'zmetkerlerine beriledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli atag'i'n alg'an adam, bul ataq penen qayta si'yli'qlanbaydi'.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q mug'allimi»*** – balalarg'a ha'm jaslarg'a bilim beriwde ha'm wolardi' ta'rbiyalawda, xali'q bilimlendiriwin rawajlandi'ri'w isinde ayri'qsha xi'zmetleri bar barli'q tu'rdegi uli'wma bilim beretug'i'n mekteplerdin' mug'allimlerine, joqari', worta arnawli' ha'm ka'sip-texnikali'q woqi'w wori'nlari'ni'n' woqi'ti'wshi'lari'na, woqi'w-ta'rbiya, metodikali'q ha'm xali'q bilimlendiriwinin' basqa da ma'kemelerinin' xi'zmetkerlerine beriledi.
***«Xali'q mug'allimi»*** hu'rmetli atag'i' keminde bes ji'l buri'n ***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen xali'q bilimlendiriwi xi'zmetkeri»*** yamasa***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen jaslar ustazi'»*** hu'rmetli ataqlari' menen si'yli'qlang'an adamlarg'a xali'q bilimlendiriwi tarawi'nda jetisken jan'a xi'zmetleri ushi'n beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q artisti»***- teatr, muzi'ka, kino, estrada, televidenie ha'm radio yesittiriwin rawajlandi'ri'w, respublikada do'retiwshilik kadrlari'n tayarlaw ha'm ta'rbiyalawdag'i' ayri'qsha xi'zmetleri ushi'n ko'rnekli ko'rkem wo'ner g'ayratkerlerine beriledi.
***«Xali'q artisti»*** hu'rmetli atag'i', keminde bes ji'l buri'n ***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken artist»*** yamasa ***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ko'rkem wo'ner g'ayratkeri»*** hu'rmetli ataqlari' menen si'yli'qlang'an adamlarg'a ko'rkem wo'ner tarawi'ndag'i' jan'a jetiskenlikleri ushi'n beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q jazi'wshi'si'»*** – a'debiyatti' rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, xali'q ta'repinen ken' tu'rde ta'n ali'ng'an belgili ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'n do'retken jazi'wshi'larg'a, dramaturglerge, si'nshi'larg'a ha'm ilimpaz-a'debiyat izertlewshilerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q shayi'ri'»*** – a'debiyatti' rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, respublikada ha'm woni'n' ti'sqari'si'ndag'i' ken' tu'rde ma'lim bolg'an belgili poetikali'q shi'g'armalar do'retken shayi'rlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q baqsi'si'»*** – baqsi'shi'li'q wo'nerin rawajlandi'ri'w ha'm woni' u'git-na'siyatlawda ko'p ji'llar dawami'nda do'retiwshilik miynet yetken ha'm xali'q qosi'qlari'n atqari'wdi'n' sheberliklerin joqari' da'rejede iyelegen baqsi'larg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q ji'rawi'»***- xalqi'mi'zdi'n' milliy folklorli'q do'retpelerin saqlaw ha'm woni' u'git-na'siyatlaw, sonday-aq ji'rawshi'li'q wo'nerin rawajlandi'ri'wda ko'p ji'llar dawami'nda do'retiwshilik miynet yetken ji'raw ha'm qi'ssaxanlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi' xali'q xudojnigi»*** – su'wretlew wo'nerin, grafikani', mu'sinshilikti, qollanbali' ko'rkem-o'ner, teatr ha'm kino ko'rkem wo'nerin rawajlandi'ri'wdag'i' ayri'qsha xi'zmetleri ushi'n su'wretlew ko'rkem wo'nerinin' ko'rnekli g'ayratkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ko'rkem wo'ner g'ayratkeri»*** -joqari' ko'rkem shi'g'armalar do'retken, a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerdi rawajlandi'ri'wda, respublikada do'retiwshilik kadrlari'n tayarlaw ha'm ta'rbiyalawda xi'zmetleri bar -rejisserlarg'a, kompozitorlarg'a, dirijerlarg'a, baletmeysterlerge, muzi'kali'q, xor, ayaq woyi'n ha'm basqa da ko'rkem wo'ner ja'ma'a'tlerinin' basshi'lari'na, ma'deniyat ha'm ko'rkem wo'ner woqi'w wori'nlari'ni'n' woqi'ti'wshi'lari'na, su'wretlewshilik wo'neri, bezew, nag'i's woyi'w, gilem toqi'w ha'm xali'q do'retiwshiliginin' basqa da tu'rleri boyi'nsha ayri'qsha belgili shi'g'armalar do'retken xali'q sheberlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken artist»*** – ko'rkem wo'nerdi rawajlandi'ri'wda, respublikada do'retiwshilik kadrlardi' tayarlaw ha'm ta'rbiyalawda xi'zmetleri bar teatr, kino, estrada, televidenie ha'm radio yesittiriwi, usi' tarawlarda a'dette, keminde 10 ji'l islegen artistlerdi ha'm rejisserlardi', sazli' atqari'wshi'lar ha'm qosi'q ayti'wshi'larg'a, baletmeystr, workestrler ha'm xorlardi'n' dirijerlari'na, sazli' ha'm basqa da ko'rkem wo'ner ja'ma'a'tlerinin' basshi'lari'na beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ma'deniyat xi'zmetkeri»*** – ma'deniy-ag'arti'w ma'kemeleri, televidenie, radio, baspaso'z, baspalar, tariyx ha'm ma'deniyat yesteliklerin qorg'aw xi'zmetkerlerine, sonday-aq ma'deniyatti' rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen adamlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ilim g'ayratkeri»*** -ilim ha'm texnika tarawi'nda ayri'qsha bahali' miynetleri, ashqan jan'ali'qlari' ha'm woylap tabi'wlari', ilim ha'm texnikani' rawajlandi'ri'w, u'git-na'siyatlaw ha'm woni'n' jetiskenliklerin yengiziw, respublikani'n' xali'q xojali'g'i' ushi'n ilimiy kadrlardi' ha'm joqari' mamanli'qtag'i' qa'nigelerdi tayarlawdag'i' xi'zmetleri ushi'n doktorli'q ha'm kandidatli'q ilimiy da'rejesi bar ilimpazlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen woylap tabi'wshi' ha'm racionalizator»*** – xali'q xojali'g'i'na yengizilgen ha'm a'dewir ekonomikali'q na'tiyje bergen woylap tabi'wlar ha'm racionalizatorli'q usi'ni'slardi'n' avtorlari'na, sonday-aq woylap tabi'wshi'li'qti' ha'm racionalizatorli'qti' rawajlandi'ri'wda, woylap tabi'wlardi' ha'm racionalizatorli'q usi'ni'slardi' wo'ndiriske yengiziwde xi'zmetleri bar adamlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen xali'q bilimlendiriwi xi'zmetkeri»*** – respublikani'n' xali'q bilimlendiriwin

rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen barli'q tu'rdegi uli'wma bilim beretug'i'n ma'kemelerdin', joqari' ha'm worta arnawli' woqi'w wori'nlari'ni'n', ka'siplik kolledjlerdin', mektepke deyingi ha'm mektepten ti's balalar ma'kemelerinin', mug'allimlerdin' qa'nigeligin artti'ri'w menen shug'i'llani'wshi' metodikali'q kabinetlerdin', kurslardi'n' ha'm institutlardi'n' xi'zmetkerlerine, sonday-aq xali'q bilimlendiriwinin' basqa da ma'kemelerinin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen jaslar ustazi'»*** – jaslardi' ka'siplik sheberlikke u'yretiwde, miynetke haq niyetli qatnas, Watang'a su'yispenshilik ha'm joqari' a'dep-ikramli'li'q qa'siyetlerin ta'rbiyalawda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda a'dette, keminde 15 ji'l islegen xali'q xojali'g'i'ni'n' xi'zmetkerleri ha'm qa'nigelerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen trener»*** -olimpiada ha'm Aziya woyi'nlari'ni'n', du'nya ju'zilik, Aziya chempionatlari'ni'n', birinshiliklerinin', A topari'ndag'i' basqa da xali'q arali'q jari'slardi'n', wolimpiadadan aldi'n'g'i' turnirlerdin' yamasa mayi'plardi'n' du'nya ju'zilik chempionatlari'ni'n' chempionlari'n ha'm prizerlari'n tayarlag'an, sonday-aq fizkultura ha'm sportti' rawajlandi'ri'wdag'i' ayri'qsha xi'zmetleri ushi'n trenerlerge beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen sportshi'»*** -du'nya ju'zi chempionlari'na ha'm rekordshi'lari'na, wolimpiada ha'm Aziya woyi'nlari'ni'n' jen'impazlari'na, sonday-aq Wo'zbekstan Respublikasi'nda birinshi yamasa jen'impaz boli'p bir neshe ma'rte sport jari'slari'nda joqari' na'tiyjege yerisken basqa da sportshi'larg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen densawli'qti' saqlaw xi'zmetkeri»*** – densawli'qti' saqlaw tarawi'n rawajlandi'ri'wda ha'm medicinali'q xi'zmet ko'rsetiwde ja'ne respublika xalqi'ni'n' densawli'g'i'n saqlawdi' sho'lkemlestiriwde ayri'qsha xi'zmetleri bar, ilimiy-izertlew, yemlew-profilaktikali'q, sanitariyali'q-epidemiologiyali'q ha'm farmacevtikali'q ma'kemelerde, a'dette keminde 15 ji'l islegen xi'zmetkerlerge, soni'n' ishinde worta ha'm kishi medicina xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen jurnalist»*** – baspaso'zdi rawajlandi'ri'wda u'lken xi'zmetleri bar, usi' tarawda , a'dette keminde a'o' ji'l islegen do'retiwshilikha'm sho'lkemlestiriwshilik jumi'sta ayri'qsha ko'zge tu'sken gazetalar ha'm jurnallar redakciyalari'ni'n', televidenie ha'm radio yesittiriwinin', ma'limleme agentliklerinin' jurnalistlerine, baspalardi'n', basqa da sho'lkemlerdin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen ekonomist»*** -ekonomikani' ko'teriwde ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen xali'q xojali'g'i'ni'n' barli'q tarawlari'ni'n' joqari' mamanli'qtag'i' joqari' mag'li'wmatli' ekonomistlerine ha'm buxgalterlik yesap xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen yurist»*** – ni'zamlardi' rawajlandi'ri'wda, ni'zamli'li'qti' ha'm huqi'q ta'rtibin bekkemlewde, xali'q xojali'g'i'nda huqi'qi'y jumi'sti' jaqsi'lawda, huqi'q ilimlerin rawajlandi'ri'wda ha'm yuridikali'q kadrlardi' tayarlawda ayri'qsha xi'zmetleri bar joqari' kvalifikaciyali'q ha'm usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen yuristlerge beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen sanaat xi'zmetkeri»*** – respublika sanaati'n rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda , a'dette keminde a'o' ji'l islegen sanaatli'q birlespeler ha'm ka'rxanalardi'n', ilimiy-izertlew ha'm joybarlaw-konstruktorli'q ma'kemelerinin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen transport xi'zmetkeri»*** -respublika transporti'n rawajlandi'ri'wda, transport qurallari'n paydalani'wdi'n', jollardi' quri'w ha'm ekspluataciyalawdi'n' na'tiyjeliligin artti'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen avtomobil, temir jol, hawa, da'rya, qalali'q transportti'n', jollardi' quri'w ha'm paydalani'wdi'n', woqi'w wori'nlari'ni'n', ilimiy-izertlew ma'kemelerinin', joybarlaw sho'lkemlerinin', sonday-aq basqa da transport ka'rxanalari'ni'n' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen baylani's xi'zmetkeri»*** – baylani's qurallari'n rawajlandi'ri'w ha'm jetilistiriwde, xali'q xojali'g'i'na ha'm respublika xalqi'na baylani'sti'n' barli'q tu'rleri menen u'lgili xi'zmet ko'rsetiwdi sho'lkemlestiriwde ayri'qsha xi'zmetleri bar, a'dette keminde 15 ji'l islegen baylani's xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen quri'li'sshi'»*** -respublikani'n' quri'li'si'n ha'm quri'li's industriyasi'n rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen quri'li's, montaj ha'm joybarlaw sho'lkemlerinin', ilimiy-izertlew ha'm basqa da ma'kemelerdin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen arxitektor»*** – milliy arxitekturani', qala quri'li'si'n rawajlandi'ri'wda, zamanago'y puqarali'q, sanaatli'q ha'm awi'lli'q arxitekturali'q komplekslerdi, imaratlardi' ha'm quri'li'slardi' do'retiwde, sonday-aq respublikada yestelik imaratlardi' qa'lpine keltiriw isinde xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde a'o'-ji'l islegen joqari' mamanli'qtag'i' arxitektorlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen kommunalli'q, turmi's ha'm sawda salasi' xi'zmetkeri»*** – xali'qqa xi'zmet ko'rsetiwdi jaqsi'law isinde ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen turaq jay-kommunal xojali'g'i', xali'qqa turmi's xi'zmetin ko'rsetiw, sawda ha'm ja'miyetlik awqatlani'w ka'rxanalari'ni'n', birlespelerinin', sho'lkemlerinin' ha'm ma'kemelerinin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen awi'l xojali'g'i' xi'zmetkeri»*** – awi'l xojali'g'i'n rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen awi'lxojali'g'i' wo'ndirisi salasi'ni'n', awi'lxojali'q ilimiy-izertlew ma'kemelerinin' ha'm woqi'w wori'nlari'ni'n' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen irrigator»*** -suw xojali'g'i' wobektlerin quri'w ha'm paydalani'w menen shug'i'llani'wshi', suw xojali'g'i'n ja'ne suwg'ari'p yegiletug'i'n diyqanshi'li'qti' rawajlandi'ri'wda, sonday-aq respublika ta'biyati'n qorg'awda ayri'qsha xi'zmetleri bar, usi' tarawda, a'dette keminde 15 ji'l islegen suw xojali'g'i', quri'li's, joybarlaw, ilimiy-izertlew ha'm basqa da sho'lkemlerdin' xi'zmetkerlerine beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen paxtakesh»*** - ja'ma'a'tlik, akcionerlik, diyqan, ijarali'q, jeke ha'm basqa da xojali'q tu'rlerinin', ka'rxanalardi'n', woqi'w wori'nlari'ni'n', ilimiy-izertlew ha'm ta'jiriybe ma'kemelerinin' xi'zmetkerlerine, sonday-aq paxtashi'li'qti' rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar basqa da adamlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen sali'kesh»*** – ja'ma'a'tlik, akcionerlik diyxan, arendali'q, jeke ha'm basqa da tu'rdegi xojali'qlardi'n', woqi'w wori'nlari'ni'n', ilimiy-izertlew ha'm ta'jiriybe ma'kemelerinin', xi'zmetkerlerdin', sonday-aq sali'gershilikti rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar basqa da adamlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen pillekesh»*** – xojali'qlardi'n', ka'rxanalardi'n', woqi'w wori'nlari'ni'n', ilimiy-izertlew ha'm

ta'jiriybe ma'kemelerinin' ja'ma'a'tlik, akcionerlik, diyxan, ijarali'q, jeke ha'm basqa da tu'rlerinin' xi'zmetkerlerine, sonday-aq pilleshilikti rawajlandi'ri'wda ayri'qsha xi'zmetleri bar basqa da adamlarg'a beriledi.

***«Qaraqalpaqstan Respublikasi'na miyneti sin'gen sharwa»*** – mal sharwashi'li'g'i'n rawajlandi'ri'wg'a ayri'qsha u'les qosqan, usi' tarawda, a'dette keminde a'o' ji'l islegen ja'ma'a'tlik, akcionerlik, diyxan, ijarali'q, jeke ha'm basqa da tu'rdegi xojali'qlardi'n', sonday-aq woqi'w wori'nlari'ni'n', ilimiy-izertlew ha'm zooveterinariyali'q ma'kemelerdin', joybarlaw sho'lkemlerinin' xi'zmetkerlerine beriledi.

**III–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqargi' Ken'esinin' hu'rmet jarli'gi'**

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Hu'rmet jarli'g'i' menen ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik siyasiy jumi'slardag'i' pida'kerlik xi'zmetleri, respublikami'zdi'n' social-ekonomikali'q ha'm ma'deniy rawajlani'wi'na salmaqli' u'les qosqan xali'q xojali'g'i'ni'n' barli'q tarawi' xi'zmetkerleri, siyasiy ha'm jawi'ngerlik tayarli'qta yerisken joqari' ko'rsetkishleri ushi'n a'skeriy xi'zmetkerler, sonday-aq ka'rxanalar, ma'kemeler, sho'lkemler, woqi'w wori'nlari' ha'm tvorchestvoli'q ja'ma'a'tler si'yli'qlanadi'.
Hu'rmet jarli'g'i' menen si'yli'qlaw Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' ta'repinen a'melge asi'ri'ladi'.
Si'yli'qlang'anlarg'a belgilengen ta'rtiptegi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' Hu'rmet jarli'g'i' tapsi'ri'ladi'.

**IV–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'na usi'ni'w ta'rtibi**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'n beriw ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' Hu'rmet jarli'g'i' menen si'yli'qlaw Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i', Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i', ministrlikler, ma'mleketlik komitetler ha'm vedomstvolar, ja'miyetlik sho'lkemlerdin' ha'm tvorchestvoli'q awqamlardi'n' respublikali'q basshi'lari', qala ha'm rayon ha'kimleri, sonday-aq a'skeriy bo'limlerdin' basshi'li'g'i'ni'n' usi'ni'slari' arqali' a'melge asi'ri'ladi'.
Qala ha'm rayon ko'lemindegi ka'rxana, ma'keme ha'm sho'lkemlerdin' xi'zmetkerleri, tiyisli respublikali'q ministrlikler, ma'mleketlik komitetler, vedomstvolar ha'm sho'lkemlerdin' basshi'li'g'i' menen kelisilgen halda – qala ha'm rayon ha'kimleri ta'repinen;
qala ha'm rayon ha'kimleri, wolardi'n' wori'nbasarlari' ha'm ha'kimliklerdin' xi'zmetkerleri, jergilikli wo'zin-o'zi basqari'w uyi'mlari'ni'n' aqsaqallari' ha'm usi' uyi'mlardi'n' xi'zmetkerleri – qala ha'm rayon ha'kimleri ta'repinen;
respublikali'q ministrlikler, ma'mleketlik komitetler, vedomstvolar, basqada respublikali'q basqari'w uyi'mlari'ni'n' xi'zmetkerleri -Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ta'repinen;
Wo'zbekstan Respublikasi' ko'lemine bag'i'ni'shli' respublikali'q birlespeler, ka'rxanalar, ma'kemeler ha'm sho'lkemlerdin' xi'zmetkerleri – Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' tiyisli ministrlikleri ha'm sho'lkemleri menen kelisilgen halda, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ta'repinen;
Ji'nayatli' isleri ha'm Puqarali'q isleri boyi'nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' sudlari', Xojali'q sudi', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokuraturasi' xi'zmetkerleri -Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ji'nayatli' ha'm Puqarali'q isler boyi'nsha Joqarg'i' sudlari', Xojali'q sudi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Prokuraturasi' basshi'lari' ta'repinen;
Respublikali'q ja'miyetlik sho'lkemler ha'm tvorchestvoli'q awqamlardi'n' ag'zalari' -respublikali'q ja'miyetlik sho'lkemler ha'm tvorchestvoli'q awqamlardi'n' basshi'lari' ta'repinen;
a'skeriy xi'zmetkerler -tiyisli a'skeriy bo'limlerdin' basshi'lari' ta'repinen;
Si'rt yel puqaralari' ha'm puqarali'g'i' joq adamlar -Wo'zbekstan Respublikasi' si'rtqi' isler ministrliginin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' bo'liminin' usi'ni'si', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Basli'g'i'ni'n' kelisimi menen usi'ni'ladi'.
Si'yli'qqa usi'ni'li'wshi' talabanlar birinshi na'wbette, ka'rxana, ma'keme ha'm sho'lkem basshi'li'g'i'ni'n' usi'ni'snamasi' menen miynet ja'ma'a'tinin' uli'wma ji'ynali'si'nda qarap shi'g'i'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'g'i'na usi'ni'lg'an talabanni'n' miynet ja'ma'a'tinin' usi'ni'snamasi', si'yli'qlaw qag'azi', miynet ja'ma'a'ti uli'wma ji'ynali'si'ni'n' protokoli', pasporti'ni'n' kopiyasi' ha'm yeki dana su'wreti menen birgelikte tiyisli joqari' uyi'mlar ha'm sho'lkemlerge jiberiledi ha'm wolar ta'repinen joqari'da ko'rsetilgen ta'rtipte, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine usi'ni'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'na usi'ni'lg'an si'yli'qlaw materiallari', aldi' menen Joqarg'i' Ken'estin' tiyisli komitetlerinde qarap shi'g'i'li'p, wolardi'n' sheshimi Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi' jani'ndag'i' si'yli'qlaw materiallari'n aldi'n-ala qarap shi'g'i'w boyi'nsha Ja'miyetlik komissiyani'n' ma'jilisinde qaraladi'.
Yegerde talaban Ja'miyetlik komissiya ta'repinen, woni'n' ma'selesi unamli' sheshilmese, woni'n' arzasi' boyi'nsha wo'zine ha'm woni' usi'ng'an miynet ja'ma'a'tine tu'sinik beriledi.

**V–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'n tapsi'ri'w ta'rtibi**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ati'nan ken' ja'miyetshiliktin' itibari'n tartqan halda, saltanatli' jag'daylarda tapsi'ri'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'n Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Basli'g'i', Joqarg'i' Ken'es Basli'g'i'ni'n' wori'nbasari', Joqarg'i' Ken'estin' Prezidium ag'zalari', Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' Basli'g'i' ha'm woni'n' wori'nbasarlari', ja'ne de Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi wa'killik bergen adamlar ta'repinen tapsi'ri'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinde, qala ha'm rayon ha'kimiyatlari'nda ha'm si'yli'qlang'an adamlar isleytug'i'n miynet ja'ma'a'tlerinde tapsi'ri'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlang'an a'skeriy xi'zmetkerlerge Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ati'nan a'skeriy bo'limlerdin' basshi'lari' ta'repinen tapsi'ri'li'wi' mu'mkin.
Ma'mleketlik si'yli'qlar Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qarari' shi'qqannan son', a'dette keminde bir ay ishinde si'yli'qlani'wshi'larg'a tapsi'ri'li'wi' tiyis.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari' menen si'yli'qlang'an adamlarg'a, hu'rmetli ataq alg'anli'g'i' haqqi'ndag'i' gu'wali'q ha'm belgilengen u'lgidegi wo'n'ir belgisi beriledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' ma'mleketlik si'yli'qlari'n tapsi'ri'w belgilengen ta'rtiptegi protokol menen ra'smiylestiriledi, si'yli'qti' tapsi'ri'wshi' adam ta'repinen qol qoyi'li'p, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine tapsi'ri'ladi'.

**VI–bap. Si'yli'qlani'wshi'lardi'n' huqi'qlari' ha'm minnetleri**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlang'anlar Qaraqalpaqstan Respublikasi' Hu'kimeti ta'repinen belgilengen tiyisli jen'illiklerden toli'q paydalani'w huqi'qi'na iye.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlang'anlar, si'yli'qlang'ani' haqqi'ndag'i' hu'jjetleri ha'm wo'n'ir belgilerin jaqsi' saqlawi' tiyis. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' joyti'lg'an jag'dayda, woni'n' huqi'qlari' saqlanadi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'ni'n' dublikatlari' ha'm wolardi' tasti'yi'qlawshi' hu'jjetler, tek g'ana Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' sheshimi menen, ta'biyiy apatshi'li'qlardi'n' aqi'betinde yamasa si'yli'qlani'wshi' wolardi' saqlay almay qali'w

jag'daylari' ushi'rasqan jag'dayda g'ana beriledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'ni'n' gu'wali'qlari' ha'm wo'n'ir belgileri, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Hu'rmet jarli'g'i', si'yli'qlang'an adam qayti's bolg'annan son', woni'n' shan'arag'i'na yestelik retinde qaldi'ri'ladi'.
Qayti's bolg'an si'yli'qlani'wshi'lardi'n' ha'm qayti's bolg'an son' si'yli'qlang'anlardi'n' miyrasxorlari'ni'n' kelisimi menen, wolardi'n' gu'wali'qlari' ha'm wo'n'ir belgileri Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' sheshimi menen saqlaw ha'm eksponat ushi'n muzeylerge tapsi'ri'li'wi' mu'mkin.
Qayti's bolg'an si'yli'qlani'wshi'lardi'n' ha'm qayti's bolg'an son' si'yli'qlang'anlardi'n' miyrasxorlari'ni'n' kelisimi menen wolardi'n' gu'wali'qlari' ha'm wo'n'ir belgileri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qarari' menen saqlaw ha'm eksponat ushi'n muzeylerge tapsi'ri'li'wi' mu'mkin.
Yeger qayti's bolg'an si'yli'qlani'wshi'lardi'n' ha'm qayti's bolg'annan son' si'yli'qlang'anlardi'n' miyrasxorlari' joq bolsa, wonda wolardi'n' si'yli'qlari' ha'm si'yli'qlang'ani' haqqi'ndag'i' hu'jjetleri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine qaytari'li'wi' sha'rt.

**VII–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'nan ayi'ri'w ta'rtibi**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'nan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Hu'rmet jarli'g'i'nan, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qarari' menen to'mendegi jag'daylarda ayi'ri'w mu'mkin;
-Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari' menen si'yli'qlarg'anlar, awi'r ha'm ayri'qsha awi'r ji'nayatlar menen sudlang'an jag'dayda;
-ha'rekettegi ni'zamlarg'a tiykarlang'an sudti'n' sheshimi boyi'nsha;
-Wo'zbekstan Respublikasi' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikalari'ni'n' puqarali'g'i'nan si'yli'qlani'wshi'lar ayi'ri'lg'an jag'daylarda;
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'nan ayi'ri'w haqqi'nda Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' qarari' shi'g'ari'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'nan ayi'ri'lg'an si'yli'qlani'wshi'lardi'n' hu'jjetleri ha'm wo'n'ir belgileri Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine qaytari'ladi'.

**VIII–bap. Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'na itibarsi'zli'q penen qarawga juwapkershilik**

Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'rmetli ataqlari'ni'n' wo'n'ir belgilerine ha'm wolardi'n' berilgenligi haqqi'ndag'i' gu'wali'qlari'na, Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi Prezidiumi'ni'n' Hu'rmet jarli'g'i'na si'rtqi' ko'rinisi uqsas wo'n'ir belgilerin, gu'wali'qlardi' ha'm hu'rmet jarli'qlari'n tayarlaw qadag'an yetiledi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' hu'rmetli ataqlari'ni'n' wo'n'ir belgilerin tag'i'wg'a huqi'qi' joq adamlardi'n' tag'i'p ju'riwi ha'rekettegi ni'zamlar menen juwapkershilikke tarti'ladi'.

**Yesletpe:**
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esine Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi, ministrlikler, ma'mleketlik komitetler, ha'kimiyat uyi'mlari', ja'miyetlik sho'lkemler ta'repinen ni'zamlarda belgilengen ta'rtipte Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik si'yli'qlari'na usi'ni'lg'an adamlardi'n' hu'jjetlerinin' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' Prezidiumi' jani'ndag'i' si'yli'qlaw materiallari'n aldi'n-ala qarap shi'g'i'w boyi'nsha ja'miyetlik komissiyada qo'riliw mu'ddeti bir ji'l boli'p yesaplanadi'.
Bir ji'l mu'ddette qarali'p ha'm komissiyani'n' sheshimi boyi'nsha usi'ni's qanaatlandi'ri'lmasa, wonda ali'ng'an hu'jjetler wolar kelip tu'sken tiyisli uyi'mlarg'a qaytari'ladi', sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' arxivine tapsi'ri'ladi'.

*Viewed:*